



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 30 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE DEZIYEN DE LOPITAL ADISYONÈL POU TRETE PASYAN EBOLA YO

Sant Medikal Konte Erie ak Lopital Women and Children nan Buffalo kounye a deziyen pou pran swen potansyèl pasyan Ebola yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te deziyen de lopital adisyonèl– Sant Medikal Konte Erie (ECMC) ak Lopital Women and Children nan Buffalo (WCHOB) nan lwès New York – te dakò pou trete potansyèl pasyan ki gen Ebola, sa ki fè yon kantite total dis lopital nan tout eta avèk deziyasyon sa a.

“Jodia nap kontinye peche sou bò prekosyon nan fason pou pwoteje sante ak sekirite piblik,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan rejwenn uit lòt sant tretman ebola nan eta, de lopital sa yo ap ranfòse pi plis nivo preparasyon nou isit la nan New York. Pandan nap kontinye etann lis sant tretman ki te deziyen pou asire divèsite jeyografik, Nouyòkè yo ta dwe rete asire ke nap fè tout sa ki nesèsè pou pwoteje yo kont risk Ebola.”

“Anons jodia se yon lòt etap nan direksyon pou asire ke New York prepare pou kontwole Ebola epi pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo,” te deklare Komisyonè Sante pa Entèrim Dr. Howard Zucker. “Anplis de sant sa yo ki te deziyen, nap kontinye travay avèk tout lopital yo kidonk yo prepare epi yo genyen pwotokòl apwopriye anplas pou idantifye epi izole yon ka sispèk ebola.”

Nan kad plan preparasyon [Ebola Eta New York](#), te pran etap pou pwoteje sante piblik ak sekirite sitwayen li yo, epi kontwole maladi sa. Plan Eta New York pou Ebola mande pou chwazi lopital nan tout eta – sa ki ekipe pou izolasyon, idantifikasyon, ak tretman pasyan ebola yo – pou trete tout ka ebola yo.

Avèk anons jodia, dis lopital ki annaprè yo kounye a te dakò pou yo chwazi pou trete potansyèl pasyan Ebola yo. Nou espere deziyen lòt lopital nan yon tan ki pa twò lwen.

- Bellevue nan Manhattan
- Sant Medikal Konte Erie
- Montefiore nan Bronx

- Mt. Sinai nan Manhattan
- New York Presbyterian nan Manhattan
- Sistèm Sante North Shore nan Konte Nassay
- Upstate University Hospital nan Syracuse
- University of Rochester Medical Center nan Rochester
- Stony Brook University Hospital nan Long Island
- Lopital Women and Children nan Buffalo

Lopital yo deziyen pou Ebola yo se sant twomatis rejyonal ki afilye avèk lekòl medsin ki bay swen entansif spesyalize a pasyan yo. Deziyasyon sant tretman Ebola pa diminye bezwen pou tout lopital yo anmezi pou idantifye de fason apwopriye ak rapidman, izole, dyagnostike ak stabilite posib pasyan ebola.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè New Jersey Chris Christie te anonse pwotokòl [tès depistaj adisyonèl](#) pou [Ebola](#) nan ayewopò entènasyonal JFK and Newark. Pami lòt mezi, pwotokòl depistaj adisyonèl sa yo pral gen ladan karantèn obligatwa pou nenpòt moun ki gen kontak dirèk avèk yon moun ki te enfekte avèk viris Ebola nan youn nan twa peyi nan lwès Afrik (Liberia, Sierra Leone, oswa Guinea), sa ki gen ladan nenpòt pèsonèl medikal ki te bay sèvis medikal a moun yo ki te enfekte avèk viris Ebola.

Jodia, Gouvènè a te anonse egalman avèk Majistra de Blasio ke Eta New York ak Vil New York pral [kreye yon pwogram](#) rekonpans finansye ak lòt pwoteksyon travay pou ankouraje pwofesyonèl swen sante yo vwyaje nan lwès Afrik epi bay asistans pou trete pasyan ki gen ebola yo pou ede kontwole maladi sa a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride